



Pou Piblikasyon Imedya: 25/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHEVMAN REYISI INISYATIV NEW YORK KANPE
AK REKIPERASYON AK REKONSTWIKSYON PÒTORIKO A**

***Plis Pase 650 Etidyan SUNY ak CUNY ak prèske 41,000 Volontè Mendèv Kalifye
pral Netwaye, Restore, ak Rekonstwi Kay yo avèk Patnè Òganizasyon San Bi
Likratif yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmann reyisi Inisyativ New York Kanpe ak Rekiperasyon ak Rekonstriksyon Pòtoriko a (NY Stands with Puerto Rico Recovery and Rebuilding Initiative). Pandan ete a, plis pase 650 etidyan SUNY ak CUNY, ansanm ak volontè ki gen gwo konpetans, te vwayaje nan kominote zile a ki kontinye rekipere apre pasaj Siklòn Maria ak Irma prèske yon ane apre glisman teren an. Nan yon total senk deplwaman, volontè yo te pase 41,000 èdtan ap netwaye, restore, ak rekonstwi kay. Objektif pou renove 150 kay te depase lontan, ak yon total 178 kay ki te restore pandan 10 semèn.

“Prèske yon ane anvan sa, Siklòn Maria te chavire lavi sitwayen Ameriken nan Pòtoriko, poutan jiska jodia, Washington te inyore bezwen dezespere yo ak apèl yo te fè pou jwenn asistans”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Alòske deplwaman final Inisyativ New York Kanpe ak Rekiperasyon ak Rekonstriksyon Pòtoriko a retounen lakay, gwo eta sa a te pwouve yon lòt fwa ankò ke nou p at bliye frè nou ak sè nou nan Pòtoriko epi nou pral kontinye sipòte yo jiskaske yo vin pi fò epi vin gen plis rezilyans ke yo pat janm genyen avan.”

“Nan kad inisyativ sa a, plizyè santèn etidyan ak volontè te pase ete yo ap ede fanmi Pòtoriko rekonstwi ak rekipere”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Mwen fyè de efò nou pou asiste frè ak sè nou yo k ap rekipere toujou nan dezaz natirèl ki te devaste kominote yo. Alòske gouvènman federal la te vire do bay efò rekiperasyon yo, New York te rete angaje pou ede Ameriken parèy yo rekonstwi pou vin pi fò.”

Volontè Eta New York yo te travay kòt a kòt ak òganizasyon san pwofi k ap travay nan efò rekonstriksyon an yo ki se All Hands and Hearts, Heart 9/11, ak NECHAMA. Yo te deplwaye etidyan volontè yo pou de semèn epi an retou yo te resevwa kredi inivèsitè. Yo te deplwaye volontè ki nan sektè Metye Batiman ak Konstriksyon Eta New York yo (New York Building and Construction Trades) ki te pase youn oswa de semèn pandan tout dire ete a. UNICEF USA te dedye 500,000 dola finansman pou ede inisyativ sa a. Depi lè Siklòn Maria fin pwovoke glisman teren an Septanm, Gouvènè Cuomo ak eta

New York te angaje yo pou asiste zile Pòtorike jiskaske li rekonstwi epi rekipere totalman.

Rektris SUNY an Kristina M. Johnson te deklare, “Pandan n ap reflechi Eta New York te reponn ak apèl sekou sitwayen parèy nou nan Pòtorike, mwen vle ofri remèsiman sensè mwen bay Gouvènè a, patnè nou yo nan New York ak Pòtoriko, ansanm ak etidyan volontè SUNY ak CUNY yo. Alòske eksperyans lan te chanje lavi sila ki te enplike nan inisyativ la, sa plis ankò pou moun ki gen kounyea yon twati solid sou tèt yo epi lòt ankò k ap benefisye tout sa ki te reyalize nan Pòtoriko”.

Rektris Pa Enterim CUNY an Vita C. Rabinowitz te deklare, “Inivèsite a fyè anpil de 250 etidyan CUNY yo, pwofesè ansanm ak chapewon ki te bay tan yo, travay di ak kè yo pou ede moun Pòtoriko ansanm ak Inisyativ New York Kanpe ak Rekiperasyon ak Rekonstriksyon Pòtoriko Gouvènè Cuomo a. Sa te vrèman yon travay lanmou ak sèvis ki te non sèlman nan fason eksepsyonèl baze sou edikasyon ak siyifikasyon pou etidyan volontè sa yo, men li te sèvi pou ranfòse koneksyon espesyal CUNY genyen deja ak zile sa a. Opòtinite sa a ke gouvènè a te vin rann posib bay yon egzanp sou angajman istorik Inivèsite a pran nan sèvis piblik. Pandan de semèn, chak nan uit gwoup etidyan volontè yo te travay senk you pa semèn pou monte twati, retire mwazi ak fè lòt reparasyon kritik nan kay ke Siklòn Maria te devaste. Yo te travay, yo te bay, yo te aprann epi yo te fè yon diferans”.

Inisyativ New York Kanpe ak Rekiperasyon ak Rekonstriksyon Pòtoriko

Sèvis volontè pandan tout ete a se kilminasyon vizyon inisyativ Gouvènè Cuomo genyen pou Inisyativ New York Kanpe ak Rekiperasyon ak Rekonstriksyon Pòtoriko, ke yo te anonse nan kòmansman mwa Mas.

Yon ekip ekspè nan Evalyasyon Taktik ki soti tout kote atravè Eta New York te deplwaye nan zile a an avril pou travay sou teren ak lidè gouvènman yo ak òganizasyon rekonstriksyon san pwofi yo pou ede gide ak plafinye rekonstwi ak deplwaman pandan ete a.

An Me, nan kad preparasyon inisyativ volontè ki ta pral dire pandan tout ete a, Gouvènè Cuomo te deplwaye plis pase etidyan 500 SUNY Maritime College abò Bato Fòmasyon Empire State VI nan Pòtoriko. Kadè yo te patisipe nan sèvis travay volontè pou ede rekonstwi kay atravè Pòtoriko ansanm ak anviwon 50 etidyan volontè ki soti nan University at Albany ak SUNY pou Syans Anviwònman ak Forestye (SUNY College of Environmental Science and Forestry). Etidyan yo te travay ak òganizasyon rekonstriksyon san bi likratif yo ki se Buena Vibra ak Relief4PR nan pi gwo zòn San Juan lan.

An jiyè, nan mitan inisyativ la, Gouvènè Cuomo ansanm ak Chanselye SUNY a Johnson ak Konsèy Administrasyon (Board of Trustees) CUNY a, ak volontè etdidyan nan Pòtoriko epi te rankontre ak gouvènman an ak patnè san pwofi yo pou revize pwogrè yo. Pandan vwayaj la, Gouvènè a te anonse yon patenarya komès agrikòl ant New York ak Pòtoriko pou ede ranfòse ekonomi zile a pandan l ap kontinye rekipere, nan angajman pou ede rekonstwi agrikilti yo ak sistèm awpvizyònman alimantè li yo, epi travay ak kiltivatè lokal, Inivèsite Pòtoriko, ak lòt patnè pou pote asistans teknik ak ekspètiz pou restore endistri a.

Efò San Kanpe Eta New York pou Sipòte Pòtoriko

Depi Ouragan Maria te ateri an Septanm 2017 la, Gouvènè Cuomo te vwayaje al Pòtoriko senk fwa epi li te kontinyèlman voye resous enpòtan pou kominote ki nan bezwen yo. Imedyatman aprè ouragan an, New York te tabli Efò Sekou ak Retablisman Empire State la (Empire State Relief and Recovery Effort), ki te finalman distribye omwen 4,400 palèt materyèl yo te kolekte nan 13 sit don atravè eta a yo. Eta New York la te deplwaye plis pase 1,000 pèsonèl, ki gen ladan anpil travayè sèvis piblik ak espesyalis pou ede avèk retablisman kouran ak estabilizasyon rezo a.

Gouvènè Cuomo kontinye ap ajoute nan efò Eta New York pou ede fanmi pòtorikèn yo nan New York ki te oblije kouri kite lakay yo apre Siklòn Maria te devaste zile a. Gouvènè a te òdone Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance) pou li etabli yon pwogram 1 milyon dola pou bay sèvis jesyon ka ki djanm pou Pòtoriken ki deplase yo, epi li te òdone Depatman Travay la (Department of Labor) pou li bay jiska 10 milyon dola nan fòmasyon pou travay ak plasman.

Mwa pase a, Gouvènè a te anonse ke Konsèy Administrasyon SUNY ak Konsèy Administrasyon CUNY an yo ta pral elaji frè ansèyman pou rezidan eta a yo pou etidyan ki te deplase akòz Ouragan Irma ak Maria yo. Elajisman otorizasyon an pral pèmèt etidyan ki soti Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo ale nan inivèsite eta a ap administre yo pou ane akademik 2018-19 la pou pi bon mache pou soulaje fado yo pandan fanmi yo ap rekipere apre devastasyon katastwòf natirèl sa yo te kite dèyè yo. Nan semès prentan 2018 la, apeprè 50 etidyan ki te deplase te pwofite pri ekolaj pou rezidan eta a nan inivèsite SUNY yo epi 200 etidyan ki te deplase nan inivèsite CUNY yo.

Gouvènè Cuomo ak Delegasyon New York la nan Kongrè a (New York Congressional Delegation) kontinye ap defann ka Pòtoriko pou li kapab resevwa èd federal li bezwen an. An Desanm, Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Pòtoriko a Ricardo Rosselló, ansanm ak manm Delegasyon New York la nan Kongrè a, te pibliye yon Rapò Evalyasyon pou “Rekonstwi Pi Byen” (Build Back Better Assessment Report). Rapò a te idantifye sektè presi yo ki bezwen investisman, tankou paregzanp lojman, rezo elektrik ak rezistans, agrikilti ak lòt bagay toujou. Ansanm ak 487 milyon dola pou sekirite piblik ak sekouris premye entèvensyon, ak 9 milya dola pou jesyon rekiperasyon alontèm, kantite finansman total ki nesèsè a se 94.4 milya dola.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou efò sekou ak retablisman ki ankou deja nan Pòtoriko, epi pou jwenn enfòmasyon sou kijan ou ka ede, tanpri vizite [pajwèb](#) Efò Sekou ak Retablisman Empire State pou Pòtoriko ak Zile Vyèj Amerikèn Gouvènè a te mete sou pye a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)